**दिन–मंगलवार** **दिनांक–15.10.2024**

प्रसार भारती

(भारत का लोक सेवा प्रसारक)

प्रादेशिक समाचार एकांश

आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

निर्वाचन आयोग महाराष्ट्र आ झारखंडक विधानसभा चुनावक घोषणा कऽ देलक अछि। महाराष्ट्र मे बीस नवंबर कऽ एकहि चरण मे विधानसभा चुनावक लेल मतदान होयत। मुख्यनिर्वाचन आयुक्त राजीव कुमार जनौलनि जे झारखंड मे तेरह आ बीस नवंबर कऽ दू चरण मे विधानसभा चुनावक लेल भोट खसाओल जायत। दुनू राज्यक मतगणना तेईस नवंबर कऽ होयत। महाराष्ट्र विधानसभाक कार्यकाल छब्बीस नवंबर कऽ समाप्त भऽ रहल अछि जखनकि झारखंड विधानसभाक कार्यकाल अगिला साल पांच जनवरी कऽ समाप्त होयत।

---

एम्हर, आयोग बिहारक चारि विधानसभा सीटक लेल सेहो उपचुनाव कार्यक्रमक घोषणा कऽ देलक अछि। तरारी, रामगढ़, बेलागंज आ इमामगंज सीट पर तेरह नवंबर कऽ मतदान होयत। चुनावक अधिसूचना अठारह अक्टूबर कऽ जारी होयत आ एहि दिन सँ नामांकनक प्रक्रिया आरंभ भऽ जायत। प्रत्याशी पच्चीस अक्टूबर धरि नामांकन पत्र भरि सकताह। अट्ठाईस अक्टूबर कऽ नामांकन पत्रक जांच होयत। उम्मीदवार तीस अक्टूबर धरि नाम आपस लऽ सकताह। मतक गिनती तेईस नवंबर कऽ होयत। इमामगंज सीट सँ जीतनराम मांझी, रामगढ़ सँ सुधाकर सिंह, बेलागंज सँ सुरेन्द्र प्रसाद यादव आ तरारी सँ सुदामा प्रसादक इस्तीफाक कारणे एहि सीट सभ पर उपचुनाव भऽ रहल अछि। एहि सभ के लोकसभा चुनाव मे जीत भेटल छल।

---

जदयूक वरिष्ठ नेता विजय कुमार चौधरी कहलनि जे पार्टी झारखंड विधानसभा चुनाव एनडीएक संगहि लड़त। आइ पटना मे संवाददाता सभ सँ गपशप मे श्री चौधरी कहलनि जे सीटक बंटवारा के लऽकऽ भाजपाक संग कोनो मतभेद नहि अछि। दुनू दलक मध्य गपशप जारी अछि। ओ जनौलनि जे झारखंड मे जदयूक तैयारी एगारह सीट पर उम्मीदवार देबाक अछि।

---

रेल मंत्री अश्विनी वैष्णव आइ महाराष्ट्रक देवलाली आ दानापुरक मध्य नव विशेष ट्रेन के वीडियो कॉन्फ्रेंसक माध्यमे हरियर झंडी देखा कऽ विदा कयलनि। शेतकरी समृद्धि स्पेशल ट्रेन सँ देवलाली आ दानापुरक किसान आओर उपभोक्ता लोकनिक मध्य संपर्क बढ़त। श्री वैष्णव एहि अवसर पर जनौलनि जे ई ट्रेन एक हजार पांच सय किलोमीटरक दूरी तय करत आ एहि मे किसान मात्र चारि टाका प्रति किलोग्रामक दर सँ अपन उपज लऽ जा सकताह।

---

समस्तीपुर रेलमंडल मक्का लदान मे एक नव कीर्तिमान बनौलक अछि। मंडल चालू वित्तीय वर्षक पछिला छओ मासक दरमियान मक्का लदान सँ एक सय नओ करोड़ टाका राजस्वक प्राप्ति कयलक अछि। मंडल रेलप्रबंधक विनय श्रीवास्तव जनौलनि जे नओ रेल प्वाइंट दू सय आठ रेक मे बावन लाख टन सँ बेसी मक्का देशक भिन्न–भिन्न भाग मे पठाओल गेल।

---

महिला एशियन हॉकी चैंपियनशिप गौरव यात्राक आइ पटना पहुँचबा पर भव्य स्वागत कयल गेल। पटनाक जिलाधिकारी डॉक्टर चंद्रशेखर सिंहक उपस्थिति मे विभिन्न स्कूल आ एकलव्य विद्यालयक खेलाड़ी सभ गांधी मैदान मे आयोजित कार्यक्रम मे भाग लेलनि। ई प्रतियोगिता एगारह नवंबर सँ बीस नवंबर धरि राजगीर मे आयोजित कयल जायत। ई गौरव यात्रा बिहारक सभ अड़तीस जिला सँ भऽकऽ गुजरत। एकर अतिरिक्त ई पंजाब, हरियाणा, ओडिशा आ झारखंड सेहो जायत।

---

पछवा हवाक प्रभाव बढ़वाक संगहि प्रदेशक अधिकतम आ न्यूनतम तापमान मे कमी आयल अछि। मौसम विभाग सँ प्राप्त जनतबक अनुसार बीस अक्टूबरक बाद तापमान मे आओर कमीक पूर्वानुमान अछि। एम्हर पछिला चौबीस घंटाक दरमियान चौंतीस दशमलव चारि डिग्री सेल्सियस अधिकतम तापमानक संग बेगूसराय राज्यक सभ सँ गर्म स्थान रहल।

---

कृतज्ञ राष्ट्र आइ पूर्व राष्ट्रपति आ महान वैज्ञानिक डॉक्टर ए.पी.जे. अब्दुल कलाम के हुनक जयंती पर श्रद्धापूर्वक स्मरण कयल गेल। प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी ए.पी.जे. अब्दुल कलाम के हुनक जयंती पर श्रद्धांजलि देलनि। एक सोशल मीडिया पोस्ट मे श्री मोदी कहलनि जे पूर्व राष्ट्रपतिक सोच आ दूरदृष्टि सँ देश के विकसित भारतक लक्ष्य प्राप्त करबा मे मददि

भेटत। एम्हर, राजधानी पटना सहित प्रदेशक भिन्न–भिन्न भाग मे श्रद्धांजलि सभाक आयोजन कऽ डॉक्टर कलाम के श्रद्धांजलि देल गेल।

———————————————————————————

सहरसा जिलाक सिमरी बख्तियारपुर सँ पुलिस मादक पदार्थ स्मैकक तस्करीक आरोप मे एक व्यक्ति के गिरफ्तार कयलक अछि। गिरफ्तार तस्कर पश्चिम बंगालक रहएबला अछि। मौका सँ पुलिस स्मैक किनबाक आरोप मे एक आन युवक के सेहो गिरफ्तार कयलक।

———————————————————————————

समाप्त